

Alkitab kanggo murangkalih
Nyanggakeun



Nuh Sareng
Caah Gede



Ditulis ku: Edward Hughes

Ilustrasi/juru gambar ku:
Byron Unger; Lazarus

Disaluyukeun ku: M. Maillot; Tammy S.

Ditarjamahkeun ku: Kurnia Arifin

Diproduksi ku: Bible for Children
www.M1914.org

©2010 Bible for Children, Inc.

Lisensi: Saderek ngagaduhan hak kanggo ngopy atanapi nyetak
carita ieu, salami sanes kanggo tujuan komersil.



Nuh teh jalmi anu taat
ka Gusti, unggal dinten
pasti muji ka Gusti.
Jalmi anu sanesna mah
teu taat ka Gusti.



Dina hiji dinten Gusti nyarios
ka Nuh, ngeunaan hiji hal
anu matak pikareuwaseun
"Kaula bakal ngancurkeun
alam dunya anu jahat ieu

"Gusti nyarios
deui ka Nuh

"Ngan
maneh jeung
kulawarga maneh
wungkul

anu bakal
salamet."



Gusti ngemutkeun ka Nuh yen caah teh bakal datang sareng nutupan sakuliah dunya. "Sok geura nyieun bahtera anu gede pisan pikeun kulawarga maneh jeung sagala rupa sasatoan" Gusti marentah ka Nuh. Gusti masihan parentah anu jelas sareng rinci ka Nuh, atuh Nuh teh janten jalmi sibuk.





Panginten jalmi-jalmi
sejenna moyokan ka
Nuh, waktos Nuh
ngajelaskeun
alesanana
naha

Nuh bet
ngadamel
bahtera.
Tapi Nuh tetep
we ngadamel
bahtera eta.





Anjeuna oge
tetep nyarioskeun
ngeunaan Gusti ka
jalmi-jalmi
anu aya


disabudeureunana.
Tapi teu aya saurang
oge anu percanten
kana sasauran
Nuh.




Nuh teh ngagaduhan iman anu teguh,
Anjeuna leres-leres percanten
ka Gusti, kitu oge kulawargana,
sanajan hujan teu acan turun,
tapi Bahtera teh tos siap,
sadaya anu diperyogikeun
oge ku Nuh tos
disiapkeun.



Ayeuna sagala rupa saastuan daratangan. Gusti
nyandak tujuh tina unggal jenisna, sareng dua tina
jenis anu sanesna.



Manuk ageung, manuk alit, sasatoan anu galak, anu
begang, anu jangkung daratangan ka Bahatera Nuh.



Panginten jalmi sanes mah sarurak maroyokan Nuh,
waktos Nuh ngeusian bahterana ku sagala
rupi sasatoan. Maranehna teras-terasan
ngalakukeun kajahatan, ka Gusti
ngalawan. Maranehna ge teu
haroyongeun lalebet kana
bahtera
Nuh.




Ahirna sasatoan,
manuk-manuk lalebet



kana bahtera
Nuh, "Sok
ayeuna asup
kana bahtera
eta" Gusti
marentah ka Nuh.

"Maneh jeung pangeusi
imah maneh" Nuh, istrina
purtana tilu, minantuna
lebet kana bahtera eta, teras
Gusti anu nutup pantona.






Teras turun
hujan. Hujan ageung
teras-terasan dugika opat
puluh dinten opat puluh
wengi, kota-kota, desa-desa,
sakuliah dunya janten
kakeueum ku cai.




Waktos
hujan tos liren,
gunung-gunung oge janten
kakeueum cai, sadayana mahluk
hirup teh janten paraeh.





Waktos cai nyeueuran,
bahtera Nuh the
angkleung-angkleungan
dihuhureun cai. Panginten
dilebetna teh poek,
oyag-oyagan, panginten
oge pikasieuneun. Tapi
ieu bahtera teh janten
tempat panyalindungan
Nuh tina cai bah eta.





Saatos 5 sasih, Gusti ngintunkeun
angin, lalaunan eta bahtera the
kabawa kadarat di hiji gunung anu
namina Gunung Ararat. Nuh masih
keneh di lebet bahtera salami

opat puluh
dinten
dugika
caina

saat.



Nuh ngaleupaskeun manuk gagak sareng japati tina jandela bahtera. Tapi manuk eta teh uih deui ka bahtera Nuh, margi teu acan mendakan tempat anu garing.






Saminggon ti harita, Nuh nyobian deui ngalepaskeun japati, eta japati teh uih deui ka Nuh nyandak daun zaitun dina papatukna. Minggon salajengna Nuh terang yen bumi teh tos garing, sabab japati eta teu uih deui ka bahtera.




Gusti nyaur ka Nuh yen ieu teh waktosna kanggo kaluar tina bahtera. Sasarengan, Nuh sareng kulawargana ngaleupaskeun sasatoan.



Kacida bingahna Nuh teh waktos harita.


Anjeuna ngadamel altar, teras muji Gusti,
anu parantos
nyalametkeun
Nuh sareng
kulawargana
tina cai bah anu
pikasioeuneun.





Gusti masihan
hiji jangji anu
luar biasa ka Nuh.
Moal sakali-kali
deui Gusti nurunkeun
caah anu ageung pikeun
nghukum dosa

manusa. Gusti
masihan hiji tanda
kanggo janji-Na. Anu
janten tanda eta teh
nyaeta katumbiri.



Nuh sareng
kulawargana
mendak hiji jaman anu enggal
saatos kajadian caah eta teh.
Dina waktos harita, turunan
Nuh, minuhan sakulah
dunya,

sadaya bangsa
di alam dunya ieu.



Nuh Sareng Caah Gede

Carita tina Dawuhan Gusti, Alkitab

Kenging ti

Kajadian 6-10

"Ngawitan bubukana Dawuhan Gusti anu
masihan Caang." Psalm 119:130



Rengse



Kisah Kitab Suci/Alkitab ieu nyarioskeun kasaean Gusti anu tos ngajantenkeun urang, sareng anu mikahoyong sangkan urang tiasa wanoh ka Anjeuna.

Gusti uningaen yen urang teh tos seueur milampah kasalahan, anu ku Mantena disebut dosa. Hukuman akibat tina dosa teh nyaeta pati, tapi Gusti Allah kacida mikanyaah Saderek dugika ngutus Putrana Yesus, kanggo pupus dina kai palang teras dihukum kumargi sagala dosa Saderek. Teras Yesus gugah deui sareng diangkat ka sawarga! Upami Saderek percanten ka Yesus tur neneda ka Anjeuna supados ngahampura sagala dosa Saderek, Anjeuna baris ngalaksanakeun panuhun Saderek eta! Anjeuna bakal sumping sareng linggih di lebet Saderek ayeuna keneh oge, tur Saderek bakal sasarengan sareng Anjeuna salalamina.

Upami Saderek percanten yen ieu sadaya teh hiji bebeneran, saurkeun ka Gusti sapertos kieu:

Nun Yesus, abdi percanten yen Anjeun teh Gusti, anu mijalma janten manusa tur pupus kanggo sagala dosa abdi, ayeuna Anjeun hirup deui. Sumangga sumping dina kahirupan sim abdi, hapunten sagala dosa abdi, supados abdi tiasa ngengingkeun hirup anu anyar, tur engke dina hiji waktos bakal sasarengan sareng Anjeun salalamina. Tuyun sim abdi supados taat mung ka Anjeun, teras abdi tiasa hirup kanggo Anjeun, salaku Putra Gusti, Amin.

Aos Kitab Suci sareng teras cumarios ka Gusti unggal dinten! Yohanes 3:16

